Ki sa pwogram NeighborhoodHELP® (EDKatye)Fondasyon Fanmi Green lan ye?

Pwogram NeighborhoodHELP®(ÈDKatye) Fondasyon Fanmi Green-nan se yon Pwogram Edikasyon Aprantisaj Sante

Pwogram sa-a fikse ekip elèv ak travayè kominotè bay kay ki vle pou yo sa ede yo amelyore sante yo ak kalite lavi yo. Nou ofri ede-w pi byen sèvi ak sèvis sante ak sèvis sosyal, oswa si sa nesesè, jwenn sèvis sa yo pou moun lakay ou.

Pwogram nan anseye elèv lekol medikal, enfimyè, travay sosyal, lalwa ak sante piblik FIU yo ki jan sante, maladi, ak swen sante afekte moun deyò nan biwo doktè a.

Travayè kominotè ap ede w jwenn sèvis sante ak sèvis sosyal nan kominote w la epi yo ap ede w konprann e sèvi pi byen ak pwogram nou an.

Yon doktè (Doktè Kominotè), enfimyè, ak travayè sosyal ki gen lisans ap asiyen nan chak kay ak ap sipèvize elèv FIU yo.

Doktè kominotè a ap bay swen nan kay la oswa nan yon sant swen sante yo deziyen a nenpòt moun nan kay la ki pa gen asirans oswa ki pa ka gen yon doktè swen primè.

FIU

Herbert Wertheim College of Medicine

FIU Nursing & Health Sciences

FIU Robert Stempel College of Public Health and Social Work

FIU Education

FIU Law

11200 SW 8th Street Miami, FL 33199

305-919-4594

http://medicine.fiu.edu

FIU

Green Family Foundation NeighborhoodHELP®

PATISIPAN NAN KAY

Ki sa ou ta dwe konnen

Green Family Foundation NeighborhoodHELP®

SA NOU KAPAB FÈ

- Ede ou fikse objektif santé-w
- Ede w jwenn sèvis legal, sosyal, ak edikasyon
- Ede w chwazi yon doktè kominotè FIU ki ka bay ou swen sante debaz lakay ou oswa nan bis sante NeighborhoodHELP a, oswa nan yon sant swen sante nou deziyen

Swiv nou si ou vle plis enfòmasyon:
Twitter @FiuGffnhelp
Instagram @fiuneighborhoodhelp

https://twitter.com/fiugffnhelp?s=11
Created with My QRCode Generator iOS App
SCAN ME

Ki sa nou mande ou fè

- Se pou ou pa gin okenn asirans sante oswa okenn doktè swen santé primè
- Rankontre avèk elèv yo yon fwa chak 2 mwa pandan 3 zan
- Travay ak elèv yo e ak doktè kominotè yo pou ou sa reyalize objektif sante w

Ki sa ou ka fè

- Patisipe nan aktivite kominote nou yo
- Ede elèv nou yo aprann
- Fè efò pou w kapab rete an sante

KISA ELÈV YO PA KAPAB FÈ

- Yo pa kapab dyagnostike oswa trete malady
- Yo pa kapab reponn a bezwen ijan
- Yo pa ka kondwi w nan randevou doktè w

SI W GEN YON IJANS TANPRI RELE 911

Pwogram Tiyo Lekol Medsin Herbert Wertheim nan Inivèsite Entènasyonal Florid

Si w gen timoun ki nan klas K jiska 12 ki bezwen èd nan konpetans matematik ak syans yo oswa yo enterese aprann plis sou yon pwofesyon sante espesifik:

Pwogram tiyo an se yon pwogram ki ankouraje epi prepare yon popilasyon elèv ki divès, mwens reprezante pou yo sa antre nan yon pwofesyon sante. Kolèj Medsin nan pral akonpli misyon sa a pa:

- Bay gid ak konsèy a elèv ki nan klas K jiska 12
- Bay resous edikatif a elèv ki nan lekòl mwayen jiska lekòl segondè ak fanmi yo
- Bay gid ak konsèy a elèv ki nan kolèj
- Ankouraje patisipasyon kominotè lokal la atravè pwogram piblik ak patenarya nan pwogram yo